

NYAWANG RINGKANG:

Jurusan Basa Sunda

(1957 PTPG-2007 UPI)

Ku: Dede Kosasih

Reugreug jeung reueus. Kitu meureun pikecapeun nu merenah pikeun ngébréhkeun naon anu nyangkaruk jeung rosa na jeroeun dada. Jurusan Basa Sunda UPI kiwari panceg dina adeg-adeg manjing umur 50 taun. Najan bari dina "perjalananana" éstu leubeut ku unakanikna.

Umur 50 taun téh mun seug dipapandékeun kana umur manusia mah payus jeung pantes pisan mun geus manjing lilinggeran, geus asak jeujeuhan dina sagala rupa hal, leubeut jeung kebek ku luang pangalaman.

Lustrum X (50 taun) Jurusan Basa Sunda UPI nu dipupuhuan ku Drs. H. Elin Sjamsuri téh insya Alloh baris dipéstakeun dina ping 12-13 Januari 2008. Ieu acara téh direuah-reuah ku muka *lawang kori* 50 taun Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, riung mungpulung, guar pangalaman, ngoyak balong tur peutingna dipungkas ku acara ngalélérl Hadiah "Hardjapamekas" ka guru Basa Sunda petingan (pinujul) ti tingkat SD, SMP jeung SMA.

Perlu diécéskeun di dieu, ieu "Hardjapamekas Award" téh minangka pangajén ka guru basa Sunda nu pinujul, ti salah saurang pangatik jeung inohong Sunda nu tos teu aya dikieuna, nyaéta R. S. Hardjapamekas. Anjeunna téh salah saurang dosén PTPG/IKIP/UPI alumni *Paedagogische Hochschule Universität Heidelberg* anu ageung katineungna kana ka-Sunda-an hususna dina widang atikan bari jeung prakna "ngagedékeun tur nyeungitan" éta lembaga dugi ka pupusna.

Demi guru nu baris dilélérl ieu hadiah téh nyaéta guru basa Sunda nu motékar bari punjul dina aspék métodik jeung pédagogikna nepi ka guru téh tur bisa ngahudangkeun karep jeung sikep nu hadé ka para siswana. Ku rancagéanana guru di kelas, kondisi kelas téh karasa "hirup" jeung nimbulkeun antusiasme siswa pikeun diajar basa Sunda.

Ku ayana Lustrum X lian ti reugreug jeung reueus, ku dua ku tilu kebekna kabungah minangka alumni jurusan Basa Sunda téh. Saperkara, kasawang lebah amprokna, moal boa silih rangkul jeung silih gabrug bari murubutkeun cipanon sono jeung bungah. Atuh lebah ngariungna, diuwuh ku éak-éakan sempal guyon bari ngagorah dongéng jeung luang pangalaman séwang-séwangan, leuh tada teuing galécokna. Ma'lum tuda papisah jeung ieu almamater téh geus aya taunna, welasan, malah aya nu geus lilikuran atawa puluhan taun boa, bari teu kungsi amprok jeung *batur sakulah-sakolih, batur sahakan-sainum*.

Kadua perkara, ku ngariungna papada urang kacipta bakal ambarikut nu kaundeur, boh nu patali jeung profesi ku cara silihsimbeuhan kaweruh katut pangalaman, boh pikeun manjangkeun tali silaturahmi yén urang téh enas-enasna mah sasungapan, sagirang, sahuluwotan, sapamiangan, satujuan, sok sanajan dina ngamalirna ka hilir mah teu salawasna sarua. Da geuning lebah émprona mah para alumni téh aya nu jadi wakil rahayat, aya nu jadi pengusaha jugala, seniman, wartawan, sastrawan, budayawan, aya nu jadi perwira polisi jsté. Tangtu baé kaayaan alumni saperti kitu téh éstu matak ngagumbirakeun. Tapi di sagédéngéun éta geuning aya kénéh nu can kabiruyungan nyangking kalungguhan formal (Guru PNS), masih aya kénéh nu ngaligeuh. Ka para alumni nu tacan kabiruyungan, teu kudu leutik haté, da lahan pikeun babakti (ibadah) mah teu gugon kudu di sakola baé. Nya ieu meureun nu kaunggel dina tutulisan kulak canggeum bagja awak tos samilikna-samilikna téa.

Katilu perkara, nilik kondisi kiwari aya hal anu matak pikabungaheun keur para alumni Jurusan Sunda mah patali jeung medalna Keputusan Gubernur Jawa Barat No. 423.5/Kep.674-Disdik/2006 Tanggal 25 Juli 2006 tentang STANDAR KOMPETENSI DASAR SERTA PANDUAN PENYUSUNAN KURIKULUM TINGKAT SATUAN PENDIDIKAN (KTSP) MATA PELAJARAN BAHASA DAN SASTRA SUNDA. Ieu kaputusan téh sasat jadi marga

lantaran yén pangajaran Basa Sunda téh wajib diajarkeun di unggal kelas, ti mimiti tingkat SD/SMP/SMA nu aya di wewengkon Jawa Barat. Guru Basa Sunda kiwari téh sasatna "diparebutkeun" ku ayana SMA/SMK/MA nu mimiti ngalaksanakeun ieu kaputusan. Ceuk légégná guru basa Sunda ayeuna téh keur "naék daun". Loba sakola SMA/SMK/MA nu "teu kaladangan". Pamustunganana, ku lantaran teu ayana alumni jurusan Pendidikan Basa Sunda di éta sakola, nya tungtungna guru mata pelajaran séjén jadi guru basa Sunda (saheulaanana).

Ngan meureun keur alumni mah ulah kajongjonan teuing, lantaran dihenteu-henteu ogé ku ayana aweuhan jeung gederna otonomi daerah (kaasup otonomi sakola), ngagédéng ogé hal-hal anu kurang nguntungkeun, pangpangna keur lumangsungna pangajaran basa Sunda. Malah kabéjakeun aya sawatara sakola "ngaduakeun hancengan" pangajaran basa Sunda téh dibagi sasemester séwang jeung pangajaran PKLH atawa pangajaran séjénna. Malah aya nu leuwih tragis deui mah pangajaran basa Sunda téh digésér/diganti ku pangajaran séjén. Tah ku ayana éta hal rék kumaha ketak jeung sikep urang dina nyanghareupan kanyataan saperti kitu? Nya tangtu baé kanyataan saperti kitu téh kudu jadi pamecut jeung pikiraneun urang saréréa.

Riwayat Jurusan Sunda

Ngaguar jeung medar riwayat jurusan Sunda teu wudu panjang lalakonna.

Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) nu gelar 50 taun ka tukang téh diparajianana jinek dina poé Ahad Pon, 20 Oktober 1957, tilu taun sabada Perguruan Tinggi Pendidikan Guru (PTPG) nu diadegkeun ku Menteri Pendidikan dan Pengajaran, Mr. Muhammad Yamin, S.H. Ieu jurusan téh mimitina mah dingaranan Seksi Bahasa dan Sastra Sunda minangka sélér Jurusan Bahasa dan Sastra Indonesia, Perguruan Tinggi Pendidikan Guru (PTPG). Éta kalungguhan jurusan téh lumangsung nepi ka PTPG robah jadi Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan (FKIP) Universitas Padjadjaran taun 1958.

Istilah Séksi Bahasa dan Sastra Sunda dina taun 1963 robah jadi Jurusan Bahasa dan Sastra Sunda kalawan aya dina wengkuwan Fakultas Keguruan Sastra dan Seni (FKSS) Institut Keguruan dan Ilmu Pendidikan (IKIP). Ieu parobahan téh mareng jeung gubragna Kepres RI No. 1/1963 anu ngadumaniskeun FKIP jeung Institut Pendidikan Guru (IPG) téh jadi Institut Keguruan dan Ilmu Pendidikan (IKIP) Bandung.

Luyu jeung robahna Fakultas Keguruan Sastra dan Seni (FKSS) jadi Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni (FPBS) nu di SK-an ku Mendikbud RI No. 0134 taun 1983, Jurusan Bahasa dan Sastra Sunda ogé milu robah deuih jadi Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) bari muka program D-2, jeung S1.

Dina taun 1994 Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ngagabung deui jeung jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia (JPBSI) dina wengkuwan Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia dan Daerah. Nya dina ieu taun, jurusan Pendidikan Bahasa Daerah sasat ngalaman krisis, ku minimna jumlah mahasiswa nu daftar ka jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, ukur aya nu duaan. Tina nu duaan téh nu nepi ka hatamna jadi sarjana mah ngan saurang.

Waktu IKIP robah jadi Universitas Pendidikan Indonesia (UPI) dumasar Kepres No. 124, taun 1999, jurusan Sunda ogé robah. Henteu jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia dan Daerah deui tapi jadi jurusan anu mandeg mandiri nepi ka kiwari.

Pikeun ngaronjatkeun karancagéanana (kréatifitas) para dosén jeung mahasiswa dina ngigelan pajamanan, Jurusan Sunda UPI téh ngabogaan motto *Sonagar*. Kecap *sonagar* téh nurutkeun ma'na léksikalna ngandung harti wantér, henteu éraan dina masamoan, tur wani nyanghareupan saluhureun bari teu tinggal ti tatakrama. Dina ieu moto, kecap *sonagar* téh sabanerna mangrupa wancahan tina *so*(son-soson), *na*(ngkes), *ga*(wé), *r*(ancagé). Hartina yén Jurusan Sunda lian ti sonagar atawa wantér téh *soson-soson nangkes gawé rancagé* deuih dina mapag mangsa kiwari nu samakta dina widang informatika, pepek dina widang téknologi jeung globalisasi.

Prestasi

Nepi ka danget ieu Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) meunang dua pangajen, nyaéta:

1. Jurusan Bahasa Sunda téh ajén akreditasina "A" ti badan Akreditasi Nasional (BAN PT)

- "Hadiyah Rancagé 1996 ti Yayasan Rancagé pimpinan Ajip Rosidi, minangka pangajén ka jurusan nu geus gedé jasa ngarojong jeung ngipuk para mahasiswa pikeun ilubiung aktif, kreatif jeung apresiatif dina basa, sastra katut budaya Sunda.

Visi jeung Misi

Visi

- Ngalaksanakeun Tridharma Perguruan Tinggi dina raraga ngawujudkeun jeung ngawangun tanaga kependidikan anu kebek ku kompetensi jeung meteng dina profesionalisme minangka sarjana pendidikan basa Sunda anu murba bari weweg dina adeg-adeg *ilmiah, edukatif jeung religius*.

Misi

- Nataharkeun guru basa Sunda pikeun wengkuan pendidikan formal jeung nonformal nu luyu jeung program nu ditawarkeunana
- Mekarkeun élmua pendidikan jeung disiplin élmua lianna nu luyu jeung widang-widang paélmuan anu ditawarkeun dina struktur program studi.

Jurusan Sunda mibanda tujuan pikeun:

1. miara, ngabina jeung mekarkeun basa jeung sastra katut budaya Sunda;
2. mekarkeun paélmuan basa, sastra jeung budaya Sunda katut pangajaranana; jeung
3. ngahasilkeun guru jeung ahli basa, sastra katut budaya Sunda.

Kahanan Dosén, Mahasiswa jeung Alumni

Jurusan Sunda nepi ka taun 2007 mibanda 17 urang dosén (tenaga Edukatif) jeung 2 urang tenaga TU (Administrasi). Dosén-dosénna miboga kaahlian dina widang basa, sastra, budaya katut pangajaranana. Demi dosén Jurusan Basa Sunda nu nyangking kualifikasi Akademis: 5 urang Doktor (S3), 8 urang Magister (S2), sésana (S1), jeung saurang nu nyangking jabatan Professor.

Pupuhu jurusan nu kungsi manggung di Jurusan Basa Sunda, anu wincikanana:

1. Drs. Syahrul Syarif (1957-1964)
2. Drs. Ukun Suryana (1964-1966)
3. Drs. R.M. Atmamihardja (1966-1968)
4. Drs. Husein Widjajakusumah (1968-1970)
5. R.I. Adiwidjaja (1970-1972)
6. Dr. Yus Rusyana (1972-1974)
7. Drs. H. Abud Prawirasumantri (1974-1976; 1976-1978; 1980-1982)
8. Drs. H. Achlan Husen (1978-1980)
9. Drs. H. Kosim Kardana (1982-1990; 1996-2000)
10. Drs. Agus Suriamihardja, M.Pd. (1990-1996)
11. Drs. H. Elin Sjamsuri (2000-2003)
12. Drs. Usep Kuswari, M.Pd. (2003-2007)
13. Drs. Dingding Haérudin, M.Pd. (2007- ayeuna)

Jumlah mahasiswa jurusan Bahasa Sunda nu aktif kuliah anu sumebar ti tingkat I nepi ka tingkat IV, kiwari aya 376 mahasiswa. Jumlah mahasiswa nu sakitu téh ditarima ngaliwatan PMDK, UMUPI jeung SPMB. Dina umur 50 taun téh jurusan Sunda parantos ngaluluskeun alumni kurang leuwih 1200 urang Sarjana jeung Diploma.

Tepung lawungna dina kagiatan Lustrum téh muga baé sing bisa kapetik hasilna, boh keur almamater boh keur nu ngokolakeunana. Atuh keur civitas akademikana tambah wijaksana, lébér dina sikep profesionalisme tur jembar ku wawasan paélmuanana. Pikeun ngahontal hasil nu mucekil téh tinangtu kudu ditebus ku kadariaan. Muga baé kagiatan Lustrum téh henteu ngan kawatesanan keur silih budalkeun kasono wungkul, tapi kudu digunakeun pikeun nyasaran jeung ngimeutan saniskara pasualan-pasualan nu patali jeung profesi (guru). Perlu ogé dipikiran deuih, pangpangna ketak keur nyieun rarancang katut léngkah strategisna enggoning nyanghareupan kawijakan-kawijakan pamaréntah patali jeung pangajaran basa Sunda téa.

Bawirasa riung mungpulungna téh ulah ngan kawatesanan salustrumeun wungkul tapi kudu mayeng. Ulah geledug ces malah kudu jadi acara maneuh. Payus tur pantes mun acara Lustrum ogé salah sahiji acara pokona téh kudu ngayakeun revitalisasi IKA Jurusan. Anu tujuananan pikeun jadi cukang jeung ngawadahan saniskara pasualan-pasualan nu ditétélakeun di luhur téa. Mudah-mudahan éta tarékah téh bisa ngawewegan léngkah dina ngahirup-huripkeun basa Sunda katut pangajarananana. Cag!

Majalah Sunda *Cupumanik* Taun V No. 6 2008